машқлар жавоб сўз танлаш ва гапга киритиш, бир сўзнинг иккинчи сўзга бирикишига қараб сўз танлашдан иборат мустақилликни тақозо этади, холос. Лекин ўқувчилар ўзлари мустақил равишда гап тузмайдилар. Машқ шартидагина гап тузишга доир талаб бор, аммо аслида бундай машқлар гап ҳосил қилиш деб номлангани тўғри бўлади. Масалан, 112-машқ шартини олайлик. Berilgan so'zlardan bir-biriga mosini tanlab gaplar tuzing va yozing. Gaplarni bosh harf bilan boshlang (62-bet).

Сўз иштирокида гап тузиш бирмунча ўйлашни тақозо этгани учун ҳам бир қадар ижодий саналади. Шунинг учун гап тузиш нутқ ўстиришнинг асоси саналади. Маълумки, боғланишли нутқ (матн) гаплардан уларни ўзаро боғлаш асосида яратилади. Шундай экан, ўқувчи биринчи навбатда хилма-хил синтактик қурилмаларни вужудга келтира олиши керак. Лекин бундай машқлар дарсликларда ниҳоятда оз. Бу деган сўз, аксарият она тили дарслари гап тузиш машқларисиз ўтади.

***Маҳсулдор нутқий фаолиятни*** ривожлантириш учун хизмат қилувчи машқларнинг навбатдаги тури – ***берилган мавзуда сўзлаш, ўзаро сўзлашиш (ҳикоя қилиш, матн тузиш).*** Дарсликларда бундай машқлар кам. Айниқса, бир синфда ўқув йили мобайнида атиги 2, 3, 6 ёки 9 марта ушбу машқ турига мурожаат этиш ўқувчилар нутқини ўстириш ишида самарадорликнинг тушиб кетишига сабаб бўлиши табиий. Бундай машқларнинг 2-синф «Ona tili» дарслигида 15та, 3-синф «Ona tili» дарслигида 19 та, 4-синф «Ona tili» дарслигида 16та эканлиги уларни кўпайтириш керак эмас деган хулосани бермайди.

Машқларнинг сифатини туширадиган айрим ҳолатлар ҳам мавжуд. Масалан, 2-синф «Ана тілі» дарслигида икки машқда (7- ва 84-машқларда) сўзлаш талаб этилган бўлса, иккаласида ҳам сўзлар берилган. Бу нарса ўқувчилар мустақиллигини нисбий қилиб қўяди.

Қорақалпоқ мактабларининг 4-синф «Ана тілі» дарслигидаги 6та машқнинг ҳаммаси мустақил бажаришни тақозо этади, чунки бу ерда таянч сўзлар тавсия этилмайди.

Дарсликда эркин сўзлашга бирмунча монелик кўрсатадиган ҳолат матнларнинг мавжудлигидир. 9та машқ материали сифатида матн ҳам берилган, айримларида режа ҳам келтирилган.

Шундай қилиб, бошланғич синфлар учун она тилидан 2010-йилгача яратилган дарсликларда маҳсулдор машқлар кам эканлигини билган ўқитувчи нутқ ўстириш вазифаларини муваффақиятли бажариш мақсадида қуйидагиларни ижодий равишда ҳал этмоғи даркор: дарсликлар шароитида бевосита маҳсулдор нутқ ўстириш учун хизмат қиладиган машқ турларини кўпайтириш; гап тузиш машқларида тарқоқ қилиб берилган сўзлардан иборат таянчни камайтириш; матн тузиш ёки ҳикоя қилиш талаб этиладиган машқларда сўзлар рўйхатини чегаралаш; расм асосида матн тузиш машқларида тайёр матндан иборат таянчни камайтириш.

**Адабиётлар**

1. Даўенов Е., Успанова Ж., Абдижаббарова Х. Қарақалпақ тили. Грамматика, орфография ҳәм тил өсириў. 3-класс ушын сабақлық. – Тошкент: "Ўзбекистан", 2008, 144-б.
2. Даўенов Е., Успанова Ж. Ана тили. Грамматика, дурыс жазыў ҳәм тил өсириў. 4-класс ушын сабақлық. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 2009.
3. Икромова Р., Гуломова Х., Юлдошева Ш. ва бошкалар. Она тили: 4-синф. – Toshkent: «Ўкитувчи», 2007, 192-б.
4. Фузаилов С., Худойбергенова М. Она тили. 3-синф учун дарслик. – Тошкент: «Ўқитувчи», 2005.
5. Худойбергенова М. ва бошкалар. 3-синфда она тили дарслари: Ўқитувчилар учун методик қулланма. – Тошкент: «Ўқитувчи», 2004, 128-б.
6. Косимова К. ва бошқалар. Она тили: 2-синф: Методик қулланма. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1998, 114-б.
7. Косимова К. ва бошқалар. Она тили : 2-синф учун дарслик (Косимова К., Фузаилов С, Нематова А). 9-нашри. –Тошкент: Чулпон номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. 2008, 128-б.
8. Қутлимуратов Б., Хожамуратова Ана тили. Грамматика, орфография ҳәм тил өсириў. 2-класс ушын сабақлық. -Тошкент: "Ўзбекистон", 2008.
9. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тили. Грамматика, орфография ҳәм тил өсириў. 1-класс ушын. 10-баслыўы. – Нөкис: «Билим», 2008, 96-б.
10. Ғаффорова Т. ва бошқалар. Она тили: 1-синф учун дарслик /Муалл. Ғафforова Т., Шодмонов Е., Ғуломова Х. -Т.: «Sharq», 2009.
11. Ғуломова Х. ва бошқалар. 4-синфда она тили дарслари: (Услубий қулланма). Муалл. Ғуломова Х., Юлдошева Ш., Шерматова У. - Тошкент: «Ўқитувчи», 2003, 160-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада таълим қорақалпоқ ва ўзбек тилларида олиб бориладиган мактабларнинг бошланғич синфларида шу синфлар учун она тилидан яратилган дарсликларнинг ўқувчилар нутқини ўстириш учун берадиган имкониятлари, бу имкониятларнинг рецептив, репродуктив ва маҳсулдор машқ турлари нисбатига боғлиқлиги баён қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются возможности, которые помогают развитию речи учащихся по учебникам родного языка, созданных для начальных классов школ с каракалпакским и узбекским языком обучения, а также рассматривается связь этих возможностей с рецептивной и репродуктивной точки зрения и видами результативных упражнений. В действующих учебниках приводятся цифры указывающие на малое количество репродуктивных и результативных упражнений.

**SUMMARY**

The article deals with the possibilities which help to develop the pupil's speech in textbooks in the native language, created for teaching elementary classes of schools in the Karakalpak and Uzbek languages. The author also studies the connection of possibilities with the receptive and reproductive points of view and kinds of productive exercises. In the textbooks there is data showing the quantity of reproductive and productive exercises.

## УЛЫЎМА БИЛИМЛЕНДИРИЎ МЕКТЕП ЖАСЫНДАҒЫ БАЛАЛАРДА ТӘЛИМ -ТӘРБИЯ ЖУМЫСЛАРЫНЫҢ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АСЫРЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**А.Нурланов** – *үлкен оқытыўшы*

**Ш.Жумамуратов** - *география оқытыў методикасы қәнигелигиниң 3- курс талабасы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мактаб, жамоа, педагогика, психология, таълим, тарбия, маданият, табиат, фауна, флора, педагогик технология, социология, идеология, ижтимоий муҳит, комил инсон.

**Ключевые слова:** школа, коллектив, педагогика, психология, образование, воспитание, культура, природа, фауна, флора, педагогическая технология, социология, идеология, социальная среда, личность.

**Key words:** school, society, Pedagogics, psychology, education, upbringing, culture, nature, flora, fauna, pedagogical technology, sociology, ideology, social sphere, personality.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң IX сессиясында Президент И.А.Каримовтың баян еткениндей «Ҳәр бир мәмлекет, ҳәр бир миллет тек өзиниң жер асты жер үсти тәбийий байлықлары, өндирислик потенциалы ҳәм әскерий күшлери менен емес, ал биринши гезекте өзиниң жоқары мәдениятлылығы ҳәм руўхыйлығы менен күшли» деген еди [1:117].

Усыған тийкарланып республикамызда халық билимлендириў тараўларында қабыл етилген «Билимлендириў нызамы» ҳәм «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы»н әмелге асырыўдың нәтийже бериў басқышында республикамыздың келешегин белгилейтуғын билимли, жоқары мәдениятлы, руўхый бай жетик әўладларды тәрбиялап шығарыўдай әҳмийетли ўазыйпалардың орынланыўында айтарлықтай табысларға ерисилмекте.

Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстан Республикасы билимлендириў тараўында усы бағдарламаны турмысқа енгизиўде кең көлемли жумыслар алып барылды. Оқыў орынларында оқытыўшылардың билимин жетилистириў ҳәм қайта таярлаў мақсетинде оқыў курслары шөлкемлестирилип жасларға тәлим-тәрбия бериўдиң жаңа педагогикалық технологиялары үзликсиз тәмийинленип бармақта. Жасларға тәлим-тәрбия бериўде ең әҳмийетли дәўирлерди өз ишине қамтыйтуғын, олардың жеке адам болып қәлиплесиўин тәмийинлеп, тәрбиялап шығаратуғын улыўма билимлендириў мектеплеринде тәлим менен бирге

тәрбиялық жумыслардың нәтийжелилигин асырыўдың айырым мәселелери ҳаққында тоқтап өтейик.

Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстанда улыўма билим беретуғын мектеплердиң саны 702 болып олардағы 256941 оқыўшы жасларға 32361 оқытыўшылар тәлим-тәрбия бермекте.

Мектеп бул жәмийетимиздиң бир бөлими болып, онда пүткил халқымыздың келешеги дөреледи. Мектепте жоқары мағлыўматлы қәнигеликлер тараўына ҳәм пухаралық мийнет тараўларына жаңа әўладларды тәрбиялап, пүткил мәмлекетимиздиң ертеңги күни жаратылады. Ҳәзирги ўақытқа шекем мектеплерде оқытыўшылар өз қәнигелиги бойынша жақсы сабақ өтсе, класста оқыўшылар сабаққа толық үлгерсе ҳәм мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орнына кириў санына қарап мектеп жәмәәти үлкен жетискенликлерге ериседи деп есаплаймыз. Бирақ, мектеп питкериўшилериниң руўхый дүньясы, мәденияты, жуўапкершилиги, дүньяға көзқараслары жәмийетимиз раўажланыўының бүгинги күнги талабына жуўап бере ме?

Соның ушын да жаңа әўладларды тәрбиялаўда педагог қәнигелердиң билими менен бирге тәрбиялық мәселелерин дурыс шөлкемлестириўине айрықша итибар бериўди талап етеди ҳәм бул мәселени дыққат орайымыздан шетте қалдырмаў пүткил жәмийетшилигимизди өзине тартатуғын жуўапкершиликли ўазыйпалардың бири.

Инсан тәрбиясы бул ең уллы қурамалы ҳәм машақатлы ис болып, ол илимий техникалық прогресс заманында мәмлекетимизди социаль-экономикалық раўажландырыўшы күш есапланады. Адамзат туўылған күннен баслап шаңарақ орталығында жасап, кәмил инсан болып, қәлиплесиўине негиз жаратылады, ал оның қәлиплесиўи ушын тийкарғы хызмет мектеплерде әмелге асырылады. Мектеплерден билимли балаларды тәрбиялап шығарыў менен бирге өз билимин әмелиятта қоллана билетуғын актив искер балаларды тәрбиялап шығарыў талап етиледи. Бирақ, бул жерде оқыўшыларды билимлендириў менен тәрбияның арасында қарама-қарсылықлар бар деп айта алмаймыз.

Ҳәзирги дәўир мектеплеринде тәрбиялық процесслерди басқарыў дегенде балалардағы тәбият тәрепинен берилген унамлы қәсийетлерди раўажландырыў ямаса оның социаллық орталықта өзин унамсыз тутыўын, тәртипсизлик етпеўин қадағалап барыў ғана емес ал ҳәр бир инсанның өзин-өзи тәрбиялайтуғын өзинде физикалық ҳәм руўхый күшлерди мудамы раўажландырыўшы зәрүрликти қәлиплестириў болып табылады [3:20].

Мектеп бағдарламаларының қурамаласқан түрлери хәзирги күнниң талабына сай тәрбия бериўге қарсы келеди. Әдетте көпшилик оқытыўшылар өзи оқытатуғын пәнин әҳмийетли деп биледи. Мысалы, математикалық формулалар, шет тиллерин үйрениў, электр приборлары, химиялық реактивлер, компьютер техникалары менен ислесиў усаған көнликпелерди үйренеди, ал фауна ҳәм флора түрлериниң майда генетикалық бөлеклериниң дүзилиси, олардын жер бетинде тарқалыўы хәм т.б нызамлылықлар ҳаққында мағлыўматлар тек қәнигелер ушын керек деп ойлайман. Усы мәселелерди есапқа алып, оқыў жобасына киргизилетуғын материалларды педагогикалық ҳәм социологиялық талапларға сай таңлап алынса мақсетке муўапық болар еди. Соның ушын да мектеп жасындағы балаларға ҳәзирги дәўир илиминиң ҳәр қыйлы тараўларынан жыйналған жоқары дәрежедеги билим бериў емес, ал жасларды кәмил инсан болып қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына мүмкиншилик беретуғын зәрүр билимлер менен тәрбиялық көнликпелерди үйрениўге жәрдемлесиў болып табылады.

Президентимиз И.А.Каримов өз баянатында атап өткениндей «Бизлерге мектеп питкериўшилери емес, ал мектеп базасындағы билим ҳәм тәрбияны жетик өзлестирген инсанлар керек» деген еди [2:48]. Мектеп тәрбиясының нәтийжелилиги педагог кадрлардың шеберлигине, талапшаңлығына ҳәм компонентине байланыслы болады. Педагог қәнигелер шаңарақлар менен биргелике жәмийетимиздиң тийкарғы өндириўши күшлери болған – инсанларды тәрбиялап шығарады. Усы қатнаста педагогикалық искерликте өндириўши ағный өним ислеп шығарыўшы искерлик қатарына киреди. Соның ушын мектеплерди экономикалық искерлиги бойынша қәлеген өндирис кәрханалары менен салыстырыўымызға болады. Өндирислик сферадағы кәрханалардың өнимлери саны, сапасы ҳәм жумыс күшлери менен тез көзге тасланса, ал мектептиң экономикалық көрсеткишлери өндирислик емес сфераға кирип, оның өнимдарлығы оқыўшылардың билимине, социаллық-сиясий активлигине, өндириске қатнасына, жуўапкершилигине ҳәм әлбетте тәрбиялық хызметине байланыслы келип шығады.

Оқыўшыларға тәрбия бериўдиң ҳәм оны әмелге асырыўдың еки жолы жәмийетшиликте кең тарқалған. Биринши жолы-қандай да бир жуўмаққа ерисиў мақсетинде алдын-ала мөлшерленген анық мақсетке бағдарланған саналы искерлик. Екинши жолы - бунда адамның барлық қәсийети ҳәм мүмкиншиликлери қосындысы менен сол ўақыттағы жағдайы (турмыста, шаңарақта, оқыўда, жумыста) бир-бирине байланыстырып тәрбиялаў искерлигине тийкарланады. Тәрбия бериўдиң екинши жолы жасларды саналы тәрбиялаўды күшейтиўге оның нәтийжелилигин асырыўды тәмийинлейди.

Мектеп тәрбиялап шығарған жаслардың тәлим-тәрбиялық жумысларының нәтийжелилигин асырыўда нелерге итибар бериў керек? Бириншиден, педагог қәнигелер мийнетиниң техникалық тәмийинлениўи ҳәм ҳәзирги ИТР жағдайында илим жетискенликлерин баҳалайтуғын адамлардың жумыс усыллары, нәтийжелери, көнликпелери, тәжирийбелери адам ақылының дөретпеси екенлигин дәлийллеў болып табылады. Жасларға тәлим-тәрбия бериўде оқытыўшылардың билим ҳәм тәрбиялық шеберлиги жоқары болыўы керек. Соның ушында оқытыўшылар ҳәзирги заман илим жаңалықлары менен қуралланып, жаңа педагогикалық, психологиялық әдебиятлар менен таныс болыўы ҳәм өз сабағының тәрбиялық әҳмийетине айрықша итибар бериўи керек.

Мектеплерде тәлим-тәрбия бериўдиң сапасын ҳәм нәтийжелилигин жоқарылатыўда оқыўшылардың бүгинги күндеги социаллық қубылысларды өз бетинше баҳалай биле алатуғын дүньяға көзқарасын пайда етиў арқалы кәмил инсанларды қәлиплестириўге мүмкиншилик жаратылады. Бундай уқыплылық жәмийетимизде жүз берип атырған социаллық қубылысларды туўры түсине билиўине, адамларды қызықтыратуғын мағлыўматлардың ҳәр түрлилиги, теңсизлиги жағдайында адамгершилик қәсийетине тән мағлыўматларды таңлап алыў уқыплылықларын ҳәзирги заман жасларына үйретиў ең зәрүрли талаплардан есапланады. Деген менен, дүньяға көзқарас тек ойлаў хызметиниң баслы бағдарлаўшысы болып қалмастан, ҳәзирги заман жасларының жетилискен инсан болып раўажланыўының ҳәм олардың барлық өмир искерлигине тәсирететуғын баслы факторлардың бири саналады.

Президентимиз И.А.Каримовтиң ҳәзирги басланғыш билим бериўдиң ўазыйпалары нелерден қуралыўы керек? деген сораўына жуўап излесек, баслаўыш класслардың баслы ўазыйпаларының бири балаларда бизиң жәмийетимизге зәрүр болған, мийнетке хүрметли қатнас жасаўы, тек класс жумысларын орынлаў ғана емес, ал балаларда өз бетинше жумыс орынлаў уқыплылықларын раўажландырыў арқалы ойлаў ҳәм өзлерин мәдениятлы тутыўға тәрбиялаўдан баслаў керек. Бирақ, республикамыздың халық хожалығын басқарыўдың базар экономикасына өтиў басқышында мийнеттиң географиялық бөлиниўинде, адамлардиң мийнетке болған қатнасларында айырым унамсыз қубылыслардың жүз бериўине байланыслы балалар психологиясында мийнетке болған интаның кемейиўине себепши болмақта.

Соның ушын да биз сөз етип атырған мектеп жасындағы балалардың раўажланыў дәўиринде балаларда мийнетке болған қызығыўшылықты оятыў, интаны, тәрбиялық қәсийетлерди раўажландырыўда мектеплер менен бирге шаңарақтың, ҳәр бир жәмәәттиң ҳәм пүткил жәмийетшилигимиздиң биргеликтеги искерлигин тәмийинлеў баслы машқалалардың бири болып қалмақта. Бул машқалаларды шешиўде ҳәр қандай оқыў мәкемелериниң арасында тәрбиялық ҳәм идеологиялық жумысларды түптен жаңалаў менен бирге жаңа әўладты қәлиплестириўде ҳәр бир мәкемеде белгили мийнеттиң бөлиниўин тәмийинлеў зәрүр.

Биз жасларды мийнетке таярлаў дегенде нени түсинемиз? Усы ўақытқа шекем мектеплерде жасларды мийнетке тәрбиялап атырмыз, бирақ оның ең баслы жуўмағы мийнетке болған зәрүрликлерди қәлиплестире алмай атырмыз. Мектеплерде мийнетке үйретиў сабақларында балаларда мийнетке болған унамлы қатнас, адамлар мийнетине хүрметли қатнас көнликпелерин қәлиплестириў ушын оқыўшыларға берилген тапсырмалардың қыйыншылықларын өз мийнетиниң жуўмағының нәтийжеси, өз шаңарағына жәмийетке пайда келтиретуғынын билсе ғана мийнетке болған зәрүрлик көнликпелерин пайда етиўимизге болады [4:34].

Жәмийетимизде ҳар қандай атақлы жоқары саналы адамлар мийнети, сиясий ҳәм экономикалық қымбаты менен бирге ол руўхы бай жетик инсанлар дөреткен ҳәм өзинде әдеп-икрамлылық, гөззаллық сезимлерин қәлиплестирген ең қымбатлы көрсеткишлерден саналады.

Жасларға мийнет тәрбиясын бериўде мектеп пенен жәмийетимиздеги үлгили мийнет көрсеткишлерин байланыстырып, оларда мийнеттиң жәмийетте, жәмәәтте, шаңарақта кәмил инсан болып қәлиплесиўиндеги атқаратуғын хызмети ҳаққында түсиниклерди қәлиплестириўимизге болады. Мектеп оқыўшыларында мийнетке болған зәрүрликлерди күшейтиў арқалы олардың руўхый мәдениятлылығын раўажландырыўға мүмкиншилик жаратып, мектеплерде балалардың уқыплылықларына, талабына сәйкес еркин мийнет етиўи арқалы өз бетинше ойлаў, дөретиўшилик таңлаў уқыплылықларын раўажландырыўға болады. Атап өткенимиздей, ҳәр қандай мийнет балаларда гөззаллық сезимлерди оятыў, мийнетке болған инталылықты, өз қызығыўшылығына байланыслы таңлай билиў мүмкиншиликлерин оятады. Жас өспиримлерге мийнет тәрбиясын бериў тек педагогикалық жәмәәттиң ўазыпасына жүкленбей соның менен бирге ата-аналардың да ўазыйпаларына киреди. Балаларды мийнетке, тазалыққа, әдеплиликке ҳәм ҳақ ҳүжданлы етип тәрбиялаў ҳәм т.б. шаңарақта ата-аналардың тәрбиясына байланыслы.

Ата-аналардың бала тәрбиясына жетерли итибар бермеўи, балаларды үй жумысларына тартпай итибарсыз шетте қалдырыўы, олардың бос ўақытларын мазмунсыз ямаса жаман әдетлерди үйрениўине себепши болады. Шаңарақта балалар үй жумыслары менен шуғылланса, үйге берилген тапсырмаларын жоқары баҳаға ылайық орынласа, жеке гигиенасы менен уйқылаўынан басқа, олардың ойнаўы ушын 2-3,5 саат аўысады, ал егер музыкалық, көркем-өнер ҳәм дене тәрбиясы мектеплеринде шуғылланса олар ушын ойнайтуғын ўақытта жетпей қалады.

Жас әўладларға тәлим-тәрбия бериўде мектеп, шаңарақ ҳәм жәмийетшилигимиз бенен биргеликте ислесиўин дурыс шөлкемлестирсек, билимли, жоқары мәдениятлы руўхый бай, жетик инсанларды тәрбиялап шығарыўда үлкен жетискенликлерге ерискен болар едик.

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. «Баркамол авлод-Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори». -Т.: «Ўзбекистон», 1999.
2. Каримов И.А. Юксак маънавият- енгилмас куч. -Тошкент: 2008.
3. Харчев А.Г. Социология воспитания. -М.: 1990.
4. Семенов Н. О некоторых перспиктивах развития трудовой деятельности. -М.: 1973.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларга таълим-тарбия беришда катта масъулият умумтаълим мактаблари ва уларда олиб борилаётган тарбиявий ишларга боғлиқлиги кўрсатилган. Унда ушбу ўқув даргоҳларида олиб борилаётган тарбиявий ишларнинг самарадорлигини ошириш шахс тарбиясининг шаклланиш босқичлари ҳақида фикр юритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Для формирования личности в коллективе основная задача и ответственность принадлежит образовательной и воспитательной работе в школе. В статье рассматриваются некоторые вопросы повышения эффективности воспитательной работы в становлении формирования личности учащихся в общеобразовательных школах.

**SUMMARY**

The formation of personality in the society is the main task and responsibility of the educational work at school. The article deals with the issues of improving effectiveness of educational work in the formation of students' personality at the general educational schools.

## МИЙНЕТ ТӘЛИМИНДЕ ТӘЛИМ - ТӘРБИЯ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АРТТЫРЫЎ НОРМАЛАРЫ

**Н.Орынбетов** - *ассистент оқытыўшы*

**Ж.Рахматдинов** - *Мийнет тәлими қәнигелигиниң 3- курс талабасы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ислоҳот, педагогик технология, мотивлаш, техника, технология, бирлаштириш, педагогик шижоат, таҳлил, синтез, техник объект, рефлекция, модернизация, интеграциялаш, репродуктив.

**Ключевые слова:** реформирование, педагогические технологии, мотивация, техника, технология, конструктирование, педагогическая эрудиция, анализ, синтез, технический объект, рефлексия, модернизация, интегрирование, репродуктивный.

**Key words:** reformation, pedagogical technology, motivation, techniques, technology, construction, pedagogical erudition, analysis, synthesis, technical object, reflexion , modernization, integration, reproductive.

Мәмлекетимиздеги заманагөй билимлендириў системасы өзиниң миллий үрп-әдетлерге сүйенгени менен басқа раўажланған мәмлекетлердиң тәлим системасынан түптен ажыралып турады. Бул айырмашылық билимлендириў дәрежелери, сыпаты ҳәм мазмунында көринеди.

Соңғы жыллары мәмлекетимизде билимлендириў мазмунын реформалаў, байытыў, барлық ўақытта жаңалап барыў нәтийжесинде сезилерли өзгерислерди. Бүгинги күнге келип жаңа педагогикалық технологиялар тийкарында билимлендириў системасында бир қатар өзгерислер әмелге асырылмақта. Бул билимлендириў мазмунын, дүзилисин ҳәм технологияларды системаластырыў менен байланыслы және де билимлендириў процеси жәмийет ҳәм мәмлекет талаплары тийкарында жаңаланбақта. Соңғы жыллары мәмлекетимизде билимлендириўди раўажландырыўға қаратылған бир қатар нызамлар ҳәм мәмлекетлик бағдармалар қабыл етилди.

Жоқары оқыў орынларында жаслардың билим алыўы ҳәм жеке раўажланыўы олардың еркин пикирлей алыўы, дөретиўшилик ҳәм белсендилик қатнасықларын тереңлестирип барыўы, өзин-өзи қадағалаў ҳәм тәрбиялаўға болған көнликпелери менен сыпатланады.

Оқытыўшыда өзин-өзи басқарыў, қатаңлық, талапшаңлық, әтирапындағы инсанларға ҳүрмет ҳәм итибарлы болыўы, өзиниң кемшиликлерин сезген ҳалда өз имканиятларына исениў, өз жумысын баҳалаўда ҳақыйқатлық, күшли ерк, педагогикалық шеберлигин асырыўда өзиниң искерлигин басқарып барыўда, өзин-өзи ҳүрмет етиў сыпатлары раўажланған болса, ол кәсиплик шеберлик дәрежесине ерисиўи мүмкин.

Болажақ мийнет пәни оқытыўшысының кәсиплик искерлигиниң қәлиплескенлиги улыўма кәсиплик ҳәм қәнигелик пәнлерди пухта билиўи, оқыўшыларды қәсипке бағдарлаўда айрықша искерлик көрсетиў, шөлкемлестириўшилик оқыўшылар менен қатнасты жоқары дәрежеде алып барыў керек.

Болажақ мийнет пәни оқытыўшысының кәсиплик сыпатларын шөлкемлестириў нормалары педагогикалық, психологиялық, методикалық, улыўма инженерлик ҳәм қәнигелик пәнлер мазмуны жағынан төмендегилерден ибарат:

-мотивациялық қәсийетлерине ийелик етиўи - кәсип искерлигин нәтийжели ийелеўине (жаңа билимлерди өзлестириўге умтылыўы хабар-ресурс орайы арқалы жаңа хабарларды алыў, педагогикалық шеберликтиң жоқары дәрежеге ерисиўине бағдарлаў, ата-аналар менен бирге ислесиў мейиллиги, ислеп шығарыўда қолланылатуғын жаңа материаллар техника ҳәм технологиялар ҳаққында билимлерге ийе болыў, конструкциялаў ҳәм т.б.) киреди.

-интеллектуаллық қәбиллетине-педагогикалық пикирлеў (педагогикалық дәлийл, ҳәдийсе, тез пикирлей алыў) педагогикалық эрудиция, педагогикалық болжай алыў, мийнет қураллары, анализ, синтез, техника ҳәм технологиялар арасындағы улыўмалылық ҳәм т.б.

-шыдамлылық, сабырлылық сыпатына - педагогикалық қатнасқа шыдамлылық ҳәм өзин тута алыў, педагогикалық искерлигин әмелге асырыў, педагогикалық мақсетлер, өз искерлигиниң әҳмийетин асырыў, өзлигин раўажландырыў, техникалық пикирлеў, техникалық объектлерди иске түсириў, сазлаў, оңлаў, режелестирилген технологиялық процессти ақырына жеткизиўге шыдамлылық.

-сезиў сыпаты-оқыўшылардың ой-өрислери, қуўаныш, машқалаларды түсине алыў, балажанлық, оқыўшылардың жас физологиялық өзгешеликлерин есапқа ала билиў, излениўшеңлик, техникалық искерлик, руўхый орталықты басқара алыў.

-әмелий көнликпелерди ийелеўине-педагогикалық қәбилетлер, педагогикалық көнликпелер, режелестириў, графиксызылма жумысларын орынлай алыў, технологиялық әсбапүскенелерди басқарыў, сазлаў, техникалық объектлерге ислеў бериў көнликпелери киреди.

-өзин-өзи басқара алыўына-искерлигин ҳәм өзин анализ етиў, баҳалаў, дөретиўшилик процесинде рефлекция ете алыў қәбилети, өз индивидуалығының раўажланыўы, кәсип искерлиги ҳәм жеке пазийлет ҳәм кемшиликлерин аныклай алыў қәбилети киреди.

Усыннан келип шыққан ҳалда бүгинги күнде мийнет тәлими мазмунын модернизациялаўды әмелге асырыў әҳмийетли ўазыйпалардың бири.